# Зама
## Дала бакъо толайойла!
## Время

zama95.ru | gazeta__zama | shali_zama@mail.ru | Газета выходит с 1933г. 10 марта 2023г. № 20 (93215) | Свободная цена

Муниципальное бюджетное учреждение «Шалинская районная газета «Зама»


*Власть и политика*

# Глава ЧР: Путин трепетно относится к вопросам сохранения института семьи

09.03.2023 г.



**В традиционном обществе женщина всегда занимала почётное место. Во все времена ей отводилась очень важная роль – воспитание достойного поколения. Президент России Владимир Путин крайне трепетно относится к вопросам сохранения института семьи, традиций и обычаев, доставшихся от предков. Об этом заявил Глава Чеченской Республики Рамзан Кадыров.**

«Сегодня мы живем в мире, где определенные страны пытаются подменить общечеловеческие ценности, заменить традиционное определение мужчины и женщины чем-то омерзительным, бездуховным. Поэтому взятый Владимиром Владимировичем курс на сохранение исторических традиций и укрепление роли женщины в обществе для нас самый верный», - написал в своем Телеграм-канале Р. Кадыров.

По его словам, он гордится тем, что живет в стране, где нет и не будет места нетрадиционным ценностям.

*ИА «Грозный-информ»*

# Дудаев заявил, что в европейских странах происходит масштабная деградация

**Помощник Главы ЧР, министр Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации Ахмед Дудаев призвал руководителей диаспор всех национальностей, проживающих в нашей республике, к активной разъяснительной работе с населением.**

На совещании присутствовали председатель Общественной палаты ЧР Исмаил Денильханов, заместитель руководителя МинНацИнформа ЧР Саид-Магомед Баширов и другие официальные лица.

В своем выступлении Ахмед Дудаев подчеркнул, что в европейских странах происходит масштабная деградация, которую наглядно можно увидеть на просторах интернета.

«В европейских странах с 3-5 лет дети имеют право и пользуются возможностью менять пол. С раннего возраста им проводят трансгендерные операции, разворачивают гендерные поликлиники, причем тенденция такая, что ежегодно количество участников увеличивается в 10-20 раз. Действуют различные сатанинские организации, присутствуют представители около трехсот видов ориентации, есть люди, которые сегодня причисляют себя к мужчинам, завтра - к женщинам. То есть человек, грубо говоря, 8 марта может считать себя женщиной, а 23 февраля - мужчиной. Есть настолько деградировавшие личности, что уже выходят замуж и женятся на предметах. И это все реальная жизнь, когда людей отрывают от своих традиций, религиозных ценностей»,- сказал Дудаев.



Также министр подчеркнул, что эта идеология уже дошла до рубежей России.

«Когда я был в Мариуполе и Донбассе, то лично видел учреждения для мальчиков, для девочек и для третьего пола. Эта идеология распространяется, причем со стороны Запада для этого прикладываются большие усилия. Они создают институты, организации, которые активно работают над тем, чтобы распространить этот сатанизм, превращать людей в животных. Это делается для того, чтобы людьми было легче манипулировать», - отметил он.

Дудаев заявил, что когда у человека есть религиозные, духовно-нравственные барьеры, какие-то правила и ценности, этими людьми сложно управлять.

«Человек, элементарно, скажет, что это не соответствует его религиозным ценностям. Поэтому происходит дистанцирование от всех религиозных и семейных ценностей. И в ту секунду, когда мы расслабимся, эта идеология распространится и на нашей территории. Нужно прилагать максимум усилий, чтобы вести разъяснительную работу, чтобы предотвратить это», - подытожил глава МинНацИнформа.

*ИА «Грозный-информ»*

*Собинформ*

# Чтобы людям жилось лучше

**Куратор 4-го сектора - Управляющий Отделением Социального фонда России по Чеченской Республике Мохмад-Эми Ахмадов обсудил на днях с главой администрации Шалинского муниципального района Исой Борщиговым и представителем компании - инвестора перспективы строительства в городе Шали комплекса высотных зданий.**

В рамках исполнения протокольного поручения Главы Чеченской Республики, Героя России Рамзана Ахматовича Кадырова, г. Шали и весь район динамично развиваются. Здесь возводятся объекты административного и социального назначения, жилые многоэтажные дома, реконструируется действующая инфраструктура, прокладываются новые асфальтированные дороги…

Словом, делается очень многое для повышения качества жизни жителей муниципалитета.

# Восстановление моста идет согласно графику

**В рамках исполнения поручения Главы ЧР, Героя России Р.А. Кадырова, продолжаются работы по восстановлению пешеходного моста через реку Аргун между селами Новые и Старые Атаги. Обращение с просьбой восстановить этот мост поступило в адрес руководства региона в ходе ежегодной прямой линии на телеканале «Грозный».**

На днях глава администрации Шалинского муниципального района Иса Борщигов вместе со своим коллегой из Урус-Мартановского муниципального района Шамилем Куцаевым проверил ход строительных работ.

На данном этапе уже закончены работы с привлечением спецтехники по забивке металлических свай под опоры пешеходного моста. Также подготовлено основание самого моста, установлены перильные ограждения по обеим его сторонам. Ведутся работы по монтажу второй части настила из сплошного железного листа.

И. Борщигов и Ш. Куцаев остались довольны выполняемой работой, т.к. увидели, что строительные работы ведутся согласно запланированному графику, с соблюдением соответствующих строительных норм и технологий.

# Фонд помог шалинцам

В честь наступившей благословенной ночи Бараат Региональный общественный фонд имени Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова (Дала гIазот къобалдойла цуьнан!) провёл масштабную благотворительную акцию во всех районах республики.

В рамках этой акции малоимущим и остронуждающимся семьям Шалинского муниципального района доставили продуктовые наборы, состоящие из кур, хлеба и лимонада, непосредственно домой.

А накануне Фонд совершил еще одно богоугодное дело: подарил жителю г. Шали Руслану Хасиеву, которому трудно было передвигаться без посторонней помощи на старой неудобной коляске, новую электрическую инвалидную коляску Ortonica.

Р.Хасиев и многие другие жители района выразили глубокую благодарность Главе ЧР, Герою России Р.А. Кадырову и Президенту РОФ Аймани Несиевне Кадыровой за оказанную им помощь. Дала къобалдойла аш мел дохуш долу сагIанаш!

# Дан старт субботникам

С наступлением солнечных весенних дней в Шалинском муниципальном районе стартовали субботники по благоустройству и санитарной очистке территорий населенных пунктов.

Так, в г. Шали с участием жителей и работников организаций и учреждений, а также с привлечением необходимой спецтехники, прошел субботник по очистке обочин дорог и подбору мусора.

● Общество




# Студентам рассказали о роли Конституции ЧР в развитии республики

*09.03.2023 г.*

В целях патриотического воспитания подрастающего поколения и формирования гражданской позиции у студентов на филологическом факультете Чеченского государственного университета им. А.А.Кадырова провели круглый стол, посвященный 20-й годовщине Конституции Чеченской Республики.

Ответственным за работу по организации и проведению мероприятия выступил доктор исторических наук, профессор кафедры журналистики ЧГУ им. А.А.Кадырова, член Консультативного совета при Главе ЧР Мовла Осмаев.

Участники заседания говорили о референдуме, как о единственно верном и демократичном способе определения будущего чеченского народа. Студентам рассказали, что этот исторический шаг позволил впоследствии сформировать ветви власти и начать интенсивное развитие региона во всех сферах жизнедеятельности.

- Проведение референдума и принятие Конституции Чеченской Республики и законов по выборам Президента и Парламента ЧР 20 лет назад явилось важнейшим историческим и политическим событием в жизни республики. Оно стало судьбоносным этапом в нашей истории. Опираясь на идеи и принципы своего Основного Закона, в регионе решаются масштабные задачи, нацеленные на укрепление экономики и социальной сферы, повышение качества жизни людей, на обеспечение межнационального и межрелигиозного согласия, - отметил Мовла Осмаев.

Студенты отделения журналистики филологического факультета ЧГУ, а также заведующий кафедрой чеченской филологии, кандидат филологических наук, доцент С.-Х. Ирезиев, преподаватель кафедры журналистики Л. Абубакарова приняли активное участие в обсуждении заявленной темы.

Декан филологического факультета Аюб Абубакаров поблагодарил всех за активное участие в работе заседания и весьма полезный и содержательный разговор.

*ИА «Грозный-информ»*

● Новости республики

# Ачхой-Мартан официально стал городом



**Недавно официально вступил в силу закон о преобразовании районного центра Ачхой-Мартан в город. Об этом «Грозный-информ» сообщили в местной администрации.**

«Преобразовать сельский населенный пункт – село Ачхой-Мартан Ачхой-Мартановского района Чеченской Республики путем изменения его статуса (категории) в городской населенный пункт город Ачхой-Мартан», - говорится в официальном документе.

Напомним, в прошлом году Глава Чеченской Республики Рамзан Кадыров заявил о намерении придать статус города селу Ачхой-Мартан. Здесь планируется начать масштабные строительные работы по благоустройству территории, возведению социальных и других объектов.

По данным Чеченстата, Ачхой-Мартан являлся самым многонаселенным селом в Чеченской Республике. Согласно Всероссийской переписи населения 2021 года, в Ачхой-Мартане проживают более 32 тысяч жителей.

*ИА «Грозный-информ»*

● Прокуратура района сообщает

# Проведен выездной прием граждан

**В соответствии с указанием прокурора Чеченской Республики, прокуратурой Шалинского района используются различные формы организации и проведения приема граждан.**

Так, заместителем прокурора Шалинского района Магомедом Маусаровым в администрации Мескер-Юртовского сельского поселения осуществлен личный прием граждан, в ходе которого обратилось 5 граждан.

Вопросы посетителей касались различных сфер правоотношений, в том числе земельной, социальной и жилищно-коммунальной.

В ходе приема посетителям оказана необходимая правовая помощь и разъяснены положения действующего законодательства Российской Федерации.

# Акт прокурорского реагирования рассмотрен

**Прокуратурой Шалинского района проведена проверка соб-людения уголовно-исполнительного законодательства мэрией Шалинского городского поселения, в котором осужденный отбывает наказание в виде обязательных работ, по результатам которой выявлены нарушения порядка отбывания наказания.**

Установлено, что вопреки требованиям статей 27 и 28 Уголовно-исполнительного кодекса РФ учет отработанного осужденным времени велся ненадлежащим образом.

Кроме того, осужденный не был ознакомлен под роспись с правилами внутреннего трудового распорядка, иными локальными нормативными актами, непосредственно связанными с его трудовой деятельностью при отбывании наказания.

В целях устранения нарушений законов, причин и условий, им способствовавших, прокуратурой района в адрес руководителя организации внесено соответствующее представление.

Акт прокурорского реагирования рассмотрен, выявленные нарушения устранены. При этом виновное лицо привлечено к дисциплинарной ответственности.

# Перед судом предстанет убийца

**Прокуратурой района утверждено обвинительное зак-лючение в отношении Исы Д., обвиняемого в совершении прес-тупления, предусмотренного ч. 1 ст. 105 УК РФ (умышленное причинение смерти другому человеку).**

Установлено, что Иса Д., находясь в состоянии алкогольного опьянения, на почве внезапно возникших личных неприязненных отношений к Р., действуя умышленно, в целях причинения смерти Р., нанес ему удар ножом в область живота, в результате чего последний скончался в медучреждении.

В отношении Исы Д. избрана мера пресечения в виде заключения под стражу.

За данное преступление уголовным законом предусмотрено наказание от 6 до 15 лет лишения свободы с ограничением свободы на срок до двух лет либо без такового.

Уголовное дело окончено производством и с обвинительным зак-лючением направлено в Шалинский городской суд для рассмотрения по существу.

***Р. ТЕМИШЕВ,***
***прокурор Шалинского района, старший советник юстиции.***

● Кхетош-кхиор

# Хьо Даймехкан воI ву!

**Доккха декхар ду дений, нанний тIехь шайн доьзалхо кхиорехь, цунах шен доьзална а, халкъана а пайден стаг варехь. И декхар халкъана, махкана хьалха хилла ца Iа– уггар а хьалха Далла хьалха а ду иза.**

«Дика кIант – гIала, вон кIант – бала» олуш кица ду нохчийн. Цуьнан маьIна довза хала дац: дика кIант дас-нанас а, гергарчара а дозалла деш ву, цундела ву иза, гIала (бIов) санна, товш а, куьцехь а, хIунда аьлча, шен хаза гIуллакхаш, оьзда гIиллакхаш бахьанехь наха лору иза. Ткъа вон кIант шен волчунна бала бу, цунах дозалла дан а, и хасто а меттиг боцу дела. Иштта халкъо говзачу кицанехь къастийна дика а, вон а кIант.

Ткъа диканиг дика хиларан а, вониг вон хиларан а бахьана, цуьнан орам мичахь бу-те? Дукха хала къасто дезаш дац иза: дерриге а доьзалера схьаду.

Жима волуш шена Iамийнарг, шена магийтинарг схьамалоцу беро, кIант велахь а, йоI йелахь а. Бер гуттар а тергонехь латто деза – жима долуш дуьйна доккха хиллалц, доккха хилча-м и терго кхин а чIогIа хила йеза. «Вочу белхан сахьт дац»,– олу халкъалахь. Хала кхиийна доьзалхо шен лаамехь, дIахецна витича, дера, воииг а тIедан хьелур ма дац. ТIаккха хилларг дIанисдан хала хир ду, цундела оьшу жимачунна тIехь гуттар а терго.

Йаханчу хенахь, 40-60 шо хьалха, доьзалш баккхий хуьлура, 5-6 бер доцуш цхьа наггахь бен нохчийн хIусам ца хуьлура. Дахар хала хиллехь а, йуучуьнца-йухучуьнца хIинца санна паргIатонаш ца хиллехь а, доьзалан дола леррина дора наха. Иза, цкъа-делахь, ворхIе а дайшкара схьадогIуш ламаст дара: доьзал оьзда а, нохчийн гIиллакхца а кхиор, шолгIа-делахь, нахаца, лулахошца, йуьртахошца йахь йара – шен доьзалхо ледара хила цхьанне а ца лаьара. Ткъа йукъаралло олучу вочух гуттар а ларлуш хилла бу вайн нах.

Диканан, вонан, стагах долчух мах хадош берш нах бу. Вон цIе дIайахча, стагана Iан а, ваха а хала ду. Шега ларам ца хилча, жимма а йахь йолу стаг шен йуьртахь йа махкахь паргIат вахалур вац. Цундела хилла доьзалхо кхиочу хенахь иза вочух ларвеш. «Нехан хIуманна тIе ма кховдалахь. Оьзда лелалахь, хьайгара гIиллакхехь доцург ма далийталахь. Воккханиг ларалахь. Нахаца гIиллакхе хилалахь», – бохуш, кхиийна дайша-наноша шайн доьзалхой.

Кегий болуш дуьйна уьш чохь а, арахь а дечу гIуллакхна йукъаозош, хене хьаьжжина, цаьрга далуш дерг дойтуш, белхан а, къинхьегаман а мах хоуьйтуш, деца-ненаца, вешица-йишица, нахаца лараме хила Iамош, хене баьхна нохчаша шайн доьзалш. Оцу дерригенах цхьадерг хIинца вайн деношка схьакхаьчна. Диканиг ду вай Iалашдинарг, цундела иза къаьсттина мехала а ду.

Вай лаа ца элира, доьзалхо жима волуш дуьйна кхетош-кхио веза. Доьзалхо кхетош-кхиор цхьа де а хьалхе долийча дика ду. Мел жимачу а берана шен нана йевза, дуккха а нахана йукъара иза схьакъасто хаьа цунна. Ненан аз, йуьхь-сибат, йелакъажар девза берана, цунна дахар делла, дуьххьара девзина, цуьнца уллера йукъаметтиг йолу адам ма ду иза, уггар а дика, уггар а хьоме. Иштта болалуш ма бу и бер кхиоран болх – бераца йукъаметтиг дIайолорца. Цундела и хьекъалча бакъ ву: бер дуьненчу ма-делли, кхетош-кхиор дIадоло деза. Нанас, бер дIадижош, мукъам бо, иза самадаьлча хьосту, дузадо, ткъа и дерриге а беран дагчу дуьжу, цо тIеоьцу, цуьнан кхетамехь дуьсу. Бер доккха мел хуьлу а, цуьнан ненаца йолу йукъаметитгаш чIагIло, ткъа цуьнгахула кхечаьрца а уьйрмарзо тасало, гергарнаш бевза, денна а гонахара керл-керла хIума девза. Цкъацца цецдолий хуьлу бер керла хIума шена девзачу хенахь. Иза тIеэца ма дезий цо. «Иза хIун ду? Муха ду? Кхераме ду я дац?» – иштта ма хуьлу беран ойланаш.

Цкъа маршрутни «Газель» машенахь схьадогIуш дара тхо. Хьалхарчу хоийлехь шен ненаца жима, мотт Iемина йогIу йоI йара. Машена чохь берш тергал беш, дIасахьоьжуш йара иза. Цхьана социйлехь, 16-17 шо хирдолуш йолу, хиджаб йуьйхина цхьа йоI хьалайелира машен чу. Иза нанний, оцу жимачу йоIаний дуьхьал долчу гIанта охьахиира.

– Мама, и ми йу? – хоьтту беро, йоIана тIе пIелг а хьежош, цуьнан духарх цецйаьлла йу иза. Схьагарехь, иштта духар дуьххьара гуш хила мега цунна.

– Ми йу иза? Ми йу иза, мама? – бохуш, шен нана ца йуьту цо, хьейеш. Нанас, жимма Iийна, боху:

– Иза дика йоI йу. Гой хьуна, цунна тIера хаза хIуманаш, – шен карара йоI тейан гIерта иза.

– Дика йоъ йу? Со йу дика йоъ, – шена тIе пIелг хьажабо жимачу йоIа. Ша а дика йу ала лаьа цунна.

Бер хIуманна тIекхиа гIиртича дика ду, иштта керланиг девзаш, кхуьуш ма бу цуьнан кхетам, хьекъал. Цхьаволчо иштта цхьа хIума довза гIерта бер тергал ца до, йа човхадо. Иза данне а дан мегар дац. Жима адам массо а шена гуш дерг хаа лууш ма ду. Вай цуьнца эсала, иза кхетош къамел дича, чIогIа нийса хир ду. Берана керланиг девзар ду, цунах цхьа ойла кхоллалур йу, наггахь цунна моьттург бIостанехьа хила а тарло. Амма замано дерриг а дIанисдийр ду. Ткъа беран кхетам, цуьнан хене хьаьжжина, кхио беза.

Къаьсттина мехала ду кхуьуш долу бер шен нийсархошца уьйраш таса Iамор. И саннарг, масала, берийн бошмашкахь хуьлу. Цхьана хенара долу бераш шайн тобанашкахь цхьаьна хуьлу дийнахь сарралц. Вовшашца уьйраш кхоллало церан, дуккха а керла хIуманаш Iема, цхьаьна ловзу, хIумайуу, хьехархоша-кхиорхоша хьоьхучу занятешкахь дакъалоцу. Бер кхетош-кхиорехь Iаламат мехала а, дика а болх бу иза. Амма бер дийнахь сарралц шен доьзалх – дех, ненах, дедех, дененах – къаьстина хуьлу. «ХIусаман, доьзалан кхетош-кхиор» цахуьлу цунна хьоьхург, Iамориг. Делахь а хIун дийр ду, муьлххачу деден йа дененан аьтто ма ца хуьлий беран берашца хан йаккха, уьш Iамо. Дукхахберш балхахь бу йа цомгуш бу, йа мукъа бац.

Нохчийн Iер-дахар жимачу берана довзийтар ду чIогIа мехала иза кхиочу хенахь. Цунна шен къоман мотт дика Iамор, гIиллакхаш довзийтар, хаза иллеш, мукъамаш Iамор – иза ду цуьнан дахарехь хила дезаш. Оцу дерригенца кхоллало цуьнгахь ша шен къоман воI йа йоI хиларан ойла. Жима долуш дуьйна берана хаа деза ша муьлхачу къомах ду, ша хьенан а, мичара а ду, тIаккха цунах вайн халкъана пайде адам хир ду.

***АРСАНУКАЕВ Муса.***

*Кхолларалл ин адамаш*

# Поэт а, философ а, журналист а

**Абдулаев Лечин 70 шо кхаьчна**

**Х1инца ас вийца лерина волу турпалхо литературехь цхьаннена а вийца оьшуш а доцуш, литературица шовкъ йолучарна 1аламат дика вевзаш ву. Цо нохчийн къоман литературехь д1алаьцнарг йоккха меттиг йу. Ас сайн аьлларг хилча, уггаре хьалха философи 1илманан меттиг д1алур йара цунна, литература шолг1а а йуьтуш. И бохург дац иза поэзин декъехь г1ийла ву, г1орасиз ву бохург… Ахь ойла йича, и философи оцу байтийн мог1анашка оьхайилла хаар а йу йоккха говзалла. Цундела, йуха, вукха аг1ор ойла йича, философ аьлла, поэзина хьалха а ца таттало иза… И ши аг1о нуьцкъала д1а а лаьцна, и шиъ цхьана а нэйина, шен дуккхачу говзарех вайна поэзин жовх1арш дина цо. Журналистика… иштта журналистикина йукъа а шен дакъа диллина цо. Оцу дерригенах дуьйцуш охьаг1ур ду вай кху статья т1ехь... Вай, шен ц1е а ца йоккхуш, вуьйцуш верг ву Абдулаев Леча.**

Лечин дуьнен т1е валар вайн къам махках даьккхинчохь хилла. 1953-чу шеран чилланан (февраль) беттан 15-чу дийнахь Казахски ССР-н Кустанайн областерчу Семиозерни к1оштан Аман-Карачай станцехь довзадоладелла цунна дуьххьара дуьне. Цхьа а бехк боцуш, х1инцца дуьнен чу даьллачу цу берана а кхаьчна х1етахьлерачу боьхачу цу 1едалан къинхетамбацар (Масане дигна цара кегий бераш цу Сибрехарчу эрначу аренашка, масане цигахь дуьнен чу девлла уьш, масане дуучуьнца, молучуьнца кхачо ца хилла царна… Дукха ду цара цигахь хьегначу халонех, баланех дийца, далхо…).

Долуш долчух дика кхеттал ца хиллехь а, шен къомо хьегначу балех дакъа ца кхочуш ца висина вайн турпалхо а. (Вай х1инцца ма-хьахадарра, дуучуьнца а, молучуьнца а, дукхучуьнца а дукха халонаш лайна вайн къомо цу муьрехь…).

И баланаш а лайна, вайн халкъ 1957-чу шарахь шен махка ц1адоьрзуш, шайн дай баьхначу йуьрта ц1абирзира Лечаг1еран доьзал а. Жима хиллехь а, Лечин иэсехь йисина и хала хан-зама. Лечас шен дагалецамашкахь дуьйцу цу хенах (шаьш ц1адирзинчу хенах): «Беш йерриге къух даьлла, кондарш йевлла йара. Х1усамаш йацара… Цу кхаьхашна а, кондаршна а йукъахь шайн х1усамаш т1ехь лаьттина баххаш а карийна, цу т1ехь йуха х1усамаш меттах1иттийра шаьш хьалха махиллара», - бохуш… Иштта, цу хенахь массара а санна, йуха д1адолийра Лечаг1еран доьзало а шайн дахар, кхин дахар. Шайна х1усамаш ден йарах долуш дацара адам цу хенахь. Даа-мала а даккха дезара доьзал хенебаккха. (Дукхаьолаь вайн нах даима а даьхний а, латта а лелош хене боьлуш хилла бу…). Иштта къахьоьгуш мелла а хан йаьллачул т1аьхьа Лечин да Шерип милици балха вахара, ткъа нана х1усамехь шен доьзал 1алаш беш, шен доьзалца ц1ахь йоллуш хуьлура. Шарипан а, Сапиятан а доьзалехь пхиъ бер дара Леча а цхьаьна: кхо к1ант, ши йо1. Шина к1ентан ц1ераш Куьйра, Завалу йу, ткъа вукха шина йоь1ан ц1ераш – Раиса, Ровзан.

1970-чу шарахь шайн йуьртахь – Т1ехьа-Мартан к1оштарчу Котар-Юьртахь чеккхйаьккхира ишкол хинволчу поэто. Ишкол чеккхйаьккхиначул т1аьхьа Нохч-Г1алг1ийн пачхьалкхан университете историн а, филологин а факультете деша вахара к1ант. Иза кхиамца чеккхйаьккхиначул т1аьхьа нохчийн мотт а, литература а хьеха шайн йуьртарчу ишколе балха веара. Иштта мелла а цигахь болх бинчул т1аьхьа, журналистике дехьавелира Леча. Цу декъехь дуьххьара г1улчаш цо шайн к1оштарчу «Ленинское знамя» газетехь йехира. Дукха хьен ца веллехь а болх беш, Грозненски к1оштан «Заветы Ильича» газетехь а болх бира цо. Леча даима а нохчаллица доьзна долучу х1уманна ч1ог1а т1ера вара. Ша иштта хиларе терра, нохчийн маттахь бен йазйийр йац ша, бохуш, къовсам бара цо д1ахьуш, цу муьрашкахь ша газетехь болх беш волуш. И къовсам бахьана долуш балхара д1а а велира иза. (Вай лакхахь кху статьяна тиллина ц1е йуьззина ца хета. Кхин т1е, патриот аьлла т1етог1а дог1ура цунах. Х1унда аьлча, нохчийн маттахь бен ша



йазйир йац, аьлла, цу газетера д1аваьлла ца 1аш, кхин а меттигаш йу Лечас советан 1едал долчу заманахь шен 1едалца нислучу г1уллакхашкахь ша йазден кехат нохчийн маттахь бен йаздийр дац, бохуш, къийсамаш латтийна).

Лечин нохчийн матте йолчу уьйре хьаьжжина, нохчийн маттахь долчу газетехь болх бан аьтто белира цуьнан т1аьхьо: 1990-чу шарахь «Ленинан некъ» газетан коьрта редактор а х1уттуш, йуха веара Леча журналистике. Цигахь кхаа шарахь болх бира цо. 1993-чу шарахь цигара д1авахара. Цу йуккъе иттех шо хан йаьллачул т1аьхьа йуха а йухавалийра иза х1инца «Ленинан некъ» ц1е хиц\инчу «Даймохк» газете. «Даймохк» газетехь эвсараллица болх бира цо 2012 шо кхаччалц. Цул т1аьхьа пенсе вахара. Оцу шен белхашна йуккъехула литературица болу болх а схьабеара Лечас…

Кацаев Сайд-Хьсанна ша йеллачу интервьюхь шен литературе вар дуьйцуш, иштта дагальоьцу цо: « Цигахь (Сибрех) суна инзаре бокхха битам (впечатлени) бисина – иза мукъам бу… нохчийн мукъамаш… Суна хьаьра тоьллачу кехатпондарчин Димин 1умаран, дечигпондарчин Цугаев Супъянан ц1ераш (Цу хан чохь, к1иран чохь цхьа к1еззиг хан луш хилла радиохь нохчийн мукъамашна. Цу чохь оцу пондарчаша мукъамаш балош, и нохчийн мукъамаш хезча, Даймахках бевлла, Даймахке сатуьйсуш болчу наха, белха а боьлхуш, оцу мукъамашка ладоьг1уш хилла…). Тхан х1усамехь радио йацара, ас «т1ом оьккхуьйтура» нохчийн эшарш локхучу метте вига суо бохуш. Со гал ца ваьллехь, нохч-г1алг1айн эшарш, мукъамаш п1ераскан дийнахь хуьлура. Оцу мукъамашна т1ера хилар дуккха а д1адаьхьира ас сайн дахарехь. Цул т1аьхьа, суо йаздан волавалар а, доккхачу декъана, суна хетарехь, сайн коьртехь хьийзачу мукъамашна дан х1ума цахилар бахьана долуш хилира аьлла а хета суна. Х1инца, тахана а со тешна ву, байташ йазйар а доцуш, сан говзалла музыка йазйар дара аьлла»… (Т1аккха мукъамаш бахаран (композиторан) говзалла х1унда ца хьаржира ахь? - боху хаттар дуьсу йешархочунна хьалха. Тахана цуьнга и хаттар дала цунна т1екхочийла ца нисдаларна, и хаттар жоп доцуш дуьсу…). И мукха делахь а, мукъамаш (музыкех) дерг ала ца хаьа суна, амма Лечин говзалла поэзи хилар сан шеко йоцуш ду. Иза цо ша литературехь бинчу балхаца гучадаьккхина, цо и дерриге а кхачадо. Мукъамаш бахарца дерг ца нисделлехь а, литературехь ондда, тоьлла меттиг схьа а лаьцна, схьавог1уш ву иза: тахана а шен литературин некъ сацийна бац цо, эвсараллица а болх беш схьавог1у иза, поэзи йезачарна шен керла-керла говзарш а йовзуьйтуш. Х1ора а Лечин ара мел йолу книга кхаъ хилла т1еэцна йу литература йевзачара а, йезачара а. Цо арахецначу цу цхьа мог1а поэзин гуларийн ц1ераш йу х1орш:

1. «Орамаш а, т1емаш а» (1985);
2. «Шоалг1а тулг1е» (1989);
3. «Г1енех сан г1енаш» (2002);
4. «Нохчийчоь, сан Нохчийчоь» (2005);
5. «Х1олламаш а, к1арлаг1аш а» (2009);
6. «Хьаржинарш» (2014).

Лечас бинарг ондда болх бу. («онда болх» х1унда аьлла хьуна аьлча вай цо бинчу балхах – цо арайаьхна и гуларш к1еззигчу аг1онашца (страницы) арайаьхна гуларш йац. Уьш стаммий книгаш йу. Ткъа дийнна роман цхьа говзар (произведени) йелахь а, амма цхьа байт – цхьа говзар йу. Цхьана мог1анах а стих олу. Цхьа строфа (столбик), ши строфа… уьш-м хьал-охьа а дуккха стихаш (байташ) йу, цхьана байтан мог1анах а стих олуш хилча.

Кхин баккхий барамаш бацахь а, байтан (уьш-м хила йиш ма йуй йехий а), оцу байта чохь, нагахь санна, ахь и дика йазйинехь, цхьа книга йазйал мьь1на а даккхало. Леча санна волчу поэто йазйинехь-м муххале а…

Вайна ма-хаьара, цхьана книги т1ехь б1е а, ши б1е, кхо б1е а, иштта кхин сов а байташ хила йиш йу. Лечин книгашна т1ехь хуьлу иштта алссам байташ. Шена зеделларг дуккха хиларе терра, иза боккхачу чулацамца охьадуьллу цо кехат т1е.

Абдулаев Лечас нохчийн литература дуккха а мехалчу т1ег1ан т1е йаьккхина аьлча, сайн и харц хир ду аьлла ца хета суна. Цундела, цо бинарг кхин цкъа а ондда болх а, доккха г1уллакх а ду литературина.

Лечин байташ иллешка а, эшаршка а йирзина. Уьш халкъо 1аламат ч1ог1а т1е а эцна, нохчийн къоман музыкальни искусствехь ондда шайн меттиг д1алаьцна йу.

Билгалдаккха дог1у, Лечин дукхахйолчу байташ т1ехь даьхна долу иллеш нохчийн махках а, халкъах а хьакхайеллачу халонех, баланех хилар. Царех цхьаъ йолу х1ара байт шун кхеле йуьллу вай:

*Диканиг хьахадан кхоьру со.*
*Хазаниг хьахадан кхоьру со.*
*Диканах, хазачух хьаьгна хьо,*
*Г1аг1-аьлла, йелхарна кхоьру со.*
*Да-нана хьахадан кхоьру со,*
*Буо виснарг велхарна кхоьру со.*
*»ЙоI« ала, »воI« ала кхоьру со,*
*Х1ухаьддарг велхарна кхоьру со.*
*Гуо талла бIов йоцуш висначохь,*
*Букъ тохка берд боцуш висначохь,*
*Куьг делла, белш гIортош, гIаттийна,*
*Хьо латто гIо доцуш висначохь,*
*Хьан лекха лам хьахо кхоьру со,*
*Хьан Орга, Терк хьахо кхоьру со.*
*Нохчийчоь, хьо йийца кхоьру со,*
*Къонахий белхарна кхоьру со.*

Вай лакхахь билгала ма-даккхара, кху т1ехь Лечас балхориг нохчийн халкъан бала бу. Нохчийн халкъ шен историехь даима а шех цхьа халонаш, баланаш 1итталуш хилла ду. Цундела Лечас кхузахь дуьйцург хийра дацара махкахошна. (Кхин х1ума ца хилча а, кху т1аьхьарчу шина т1амехь лайнарг а тоьар дара вайн халкъо! И хаало Лечин кхолларалехь). Цундела дара Лечин байташна т1ехь даьхна иллеш нах кхеташ а, нехан синошка д1акхочуш а хилар.

Оцу т1емийн къизалла жимма лах а йелла, адам парг1атдала а, адамана чу са дан а долало хан-зама йара иза. Оцу заман чохь телевиденехь хаддаза хезаш хуьлура «Лазийний? Лазийна, хьаха. Къаръеллий? Дера, ца елла! -бохуш, кху дешнаш т1ехь Гадаев Валида д1аолу Лечин дешнаш т1ехь долу илли. И илли хезча, т1амо 1овжийначу дагна ницкъ хуьлура, йуха Нохчийчоь толург хиларх, кхуьург хиларх, тешам кхуллура цо. Нийсса аьлча, синтем лора-кха «Нохчийчоь йала ца йелла… ас вала дуьллу, Нохчийчоь г1оттур йу кхетачу малхах», - бохуш, Лечас шен байташкахь беттачу маьхаро. Иштта вайн махкана а, халкъана а сагатдеш йу Абдулаев Лечин байташ. Иза кху махках, кху халкъах доглазар, х1ара мохк, х1ара халкъ дезар ду. Ишттачунах патриот олу...

Х1ора йаздархо патриот хила веза аьлла а дац. Амма вайн къоман йаздархой шайн кхолларалл ел а хьалха потриоташ хуьлуш хилла аьлча, харц хир ду аьлла а ца хета. Масала, вайн классикаш схьалаьцча ахь, кхечу темина йазйича, шайга х1умма бохур доццушехь, нохчийн мотт, мохк хестор бахьана долуш, советан 1едало, националисташ бу, бохуш, хьийзина бу. Оцу вайн баккхийчу классикашна т1аьхьо-о йукъайеана йолу Лечаг1еран йаздархойн тулг1е а йу жимма оцу халонех 1иттайелла. «Пхьарматехь» церан хуьлуш хилла литературин цхьаьнакхетар а хилла, шу националисташ ду, - аьлла ца магийна... Амма, цу 1едална кху мехкан а, кху халкъан а патриоташ хуьлийла лууш ца хиллехь а, Леча а, иза санна болу патриоташ а кхиъна. Иза кху байташкахь гуш ду.

Вай йуьххьехь хьаха ма-дарра, Лечин поэзина д1айала йог1ург философин меттиг йу. Т1аккха йу граждански, 1аламан (пейзажни), безаман теманаш.

Безаман темина йазйина байташ билгалйохуш, Лечин х1ара байт билгалйаккха лаьа:

*Дог 1ехадо хазахетаро,*
*Т1аьхьало йоцуш дуй хаарх.*
*Ларамза вай вовшаххкхетар а*
*Цхьаъ дара – вай къаста бахьна.*

*Хаза г1ан г1енах а дезало,*
*Хьо сацон лаьара лаа-м,*
*Амма, г1ан цкъа хада дезарна,*
*Йитира боцуш дегабаам.*

*Т1ехтилла хьо хазахетар…*
*Масане тили цул т1аьхьа.*
*Хьо ас а йицийра х1етахь,*
*Вицвина хир вара ахь а.*

*Ткъа тахна ца йолу т1аьхьара,*
*Дуьхьалван сан некъ ца хилча…*
*Дуьнен т1ехь хьо йоций хааро*
*Хьо йицийан ца вуьту х1инца.*

Шуна дагадог1у хир ду кху дешнашна т1ехь даьккхина илли а. Шуна ма-гарра, безаман лирика а йолуш йу Лечин кхолларалехь. Ч1ог1а т1е1аткъам бо къаьсттина кху т1аьххьарчу строфано: «…Дуьнен т1ехь хьо йоций хаарo хьо йицийан ца вуьту х1инца». Нийсса аьлча, Лечина муьлххачу теманехь а йешархочун даге кхача хаьа.

Иштта кхечу теманашна йаздинчу дешнаш т1ехь даьхна иллеш а ду Лечин. Амма, цо йазйинчу байташка хьаьжча уьш к1езиг ду. Уьш к1езиг хилар цхьа бахьана хета. Иза ду Лечин классически байтийн барамехь йазйина байташ мелла а к1езиг хилар. Лечас йуьхьарлаьцнарг «к1айн стихаш» (белые стихи) а, иштта верлибр а йу (Доккхачу декъана «к1айн стихаш» йу аьлча ч1ог1а нийса хир ду цо йазйийраш, верлибр цунна т1аьхьа а тоттуш. Х1ара ас х1унда дуьйцу хьуна аьлча, цхьаболчара Лечин байташ верлибран кепехь йу олу, иза харц дацахь а, нийса а дац, х1унда аьлча, цуьнан дукхахйолу байташ «к1айн стихаш» йу.). «К1айн стихашна», верлибрна, классически байташна йукъахь йолу башхалла вай йийца доьлча… «К1айн стих» (белый стих) – ритмийн барам а болуш, рифма йоцург йу, верлибр (вольный стих, свободный стих) ритма а, рифма а йоцург йу, ткъа классически байт ритма а, рифма а йерг йу. Ткъа оцу кепашца йуьстича, классически байтан кеп мелла а йуьстах а йуьсуш, к1айн байтин (белые стихи), верлибран (вольный стих, свободный стих) байтин кеп йуьсу цуьнан Лечин поэзин йозанашкахь мелла а алсам. Иза иштта хилар т1еч1аг1деш, цуьнан масех байт билгалйоккхур йу вай:

*…Серех йуьйцина керт.*
*К1айн кир тоьхна ц1а.*
*Бай сийна уьйт1е.*
*Бай т1ехь – бецан ц1ов.*
*Хецна лаьтта ворда.*
*Йежаш йоллу говр.*

*– Буьнан не1 д1акъовла…*
*– Аттана г1ад дилла…*
*– Ж1аьлина доьша дотта…*

***Доттаг1, доттаг1, дукха хан йеца***
***суна и сурт ганза,***
***Эвлахь йан ма-йеззара суьйре т1ейаза…***
***Ас ненан маттахь Даймохк бешаза!***

(Цхьаволчо ала тарло – «ц1а», «ц1о»в, «ворда», «говр» – уьш рифмаш йу, амма, билгала (нийса), оьрсийн маттахь аьлча, «точный» рифмаш йац аьлла. Ткъа цу байтехь кхин д1айерш – «д1акъовла», «дилла», «дотта» – уьш а ма йу цу байта йукъара... Вай Лечин байт йазйаран (стихосложени) толлуш ду. Кхин х1умма а дац вай йуьхьарлаьцнарг)…

Басаршца сурт дуьллучу суртдиллархочо санна, дешнашца мел хаза сурт х1оттийна поэта йуьртан дахаран. Дерриге а йуьртара сурт дуьхьалх1утту кху байтехь. Х1умма хала йазйина а йац х1ара байт, буха йазвина автор ца хилча, Лечин байт йу аьлча тешар а воцуш.

*(Чаккхе йеша 4-чу аг1онехь)*

● Вайн орамаш







# Шира Хой – вайн дозалла

ТӀаьхьарчу хенахь Ӏаламат мехала болх бу Республикин Ӏедало вайн регионехь дӀахьош. Ламанан районашкахь шира бӀаьвнаш а, гӀишлош а, шира йарташ а, некъаш а йухаметтахӀиттош, хьалхалера церан сибат тодеш, керлачу аматехь уьш гойтуш беш белхаш бу. Иштта, тойина, меттахӀиттийна дуккха шира меттигаш йу ГаланчӀожан а, Шаройн а районашахь, Веданан районера шира йурт Хой а. Де -дийне мел дели хазлуш йу вайн лаьмнашкара и меттигаш.

Къаьсттина Хой-йуьртах ала лаьара. Цигара меттахӀитторан белхаш масех шо хьалха чекхбевлла. Шира Хой цхьана заманашкахь – бӀешерашкахь хьалха – вайн лаьттан доза лардеш, шена чохь майра тӀемалой – хой беха гӀала хилла (ламчохь йолчу муьлххачу а йоккхачу шахьарх гӀала олуш ду). Замано йохийна, харцораш бен ца йиснера цу меттигах. Амма тахана иза меттахӀоттийна, цунах вуно хаза этнографин музей а хилла.

Вайн республике богӀучу туристашна къаьсттина хазахета ширачу бӀаьвнашка, тайптайпанчу гӀишлошка, хьалхалера дахар гойтуш йолчу музейшка хьовсуш. Церан вайн къоман истори а, культура а йовза боккха лаам бу. Цундела Хой санна йолу меттигаш республикехь алсам мел хуьлу, вайна цунах боккха пайда хир бу.

Амма кхузахь беккъа экономикин агӀор хуьлу пайда хилла ца Ӏа, уггар хьалха вайн тӀекхуьучу тӀаьхьенна болу цунах йоккха мехалла йолу пайда, хӀунда аьлча царна шайн дайн истори а, архитектура а, этнографи а йевза. Кхузахь, ГаланчӀожахь, Шарахь, Хойхь, денлуш ду вайн къоман синан орамаш, меттахӀуттуш йу цаьрца йолу уьйр. Вайн тӀаьхьене дӀакхачо дезарг церан шайн халкъан исторех а, культурех а дозалла дан аьтто хилар ду. Уьш, шаьш нохчий лоруш берш, декхарийлахь бу и дозалла дан.

*АРСАНУКАЕВ Муса,*
*тхан корреспондент.*



**Суьрташ т1ехь:** Ширачу Хой йуьртара йухаметтах1иттийна йолу шира б1аьвнаш – историн-архитектурин музей; оцу музейна уллохь долу шира кешнаш.

*Авторан суьрташ.*

# Поэт а, философ а, журналист а

*(Чаккхе. Йуьхь йеша 3-чу аг1онехь)*

Х1унда аьлча, Лечин байташкахь к1орггера маь1на хуьлу, байтех кхета шозза-кхузза йеша а йезаш. Амма, хьо цо бохучунна т1екхиъначул т1аьхьа, ч1ог1а боккха чулацам болуш, маь1не, философин к1орге йолуш хуьлу цуьнан байташ:

*Чекхдолий, ца хеда дахар,*
*Дуьне а – и диъна волий.*
*Цхьана ханна т1аьхьа а лелий,*
*Ц1еххьана т1аьхьара долу.*

*Дахарх кхин мел дукха дийцарх,*
*Дош дац, и дерзош, ала…*
*Дахар – и делахь дийцар,*
*Йоцуш ду т1аьххьара аг1о.*

Чекхдолий, ца хеда дахар? Диъна а волий, дуьне а? – аьлла хаттар кхолладала тарло йешархочуьнан. Шен кхетарехь харц вац дешархо а! Амма, кхузахь авторо бохург х1ун ду хьуна аьлча: стаг валарх, чекхдолуш дац дахар, дахар кхид1а а шен рожехь д1адоьдуш ду, кхелхарг дуьне к1ордийна, и дуьне тоьъна кхелхаш вац, бохург ду. «Цхьана ханна т1аьхьа а лелий, ц1еххьана т1аьхьара долу», - бохуш, автора дуьненан дийцар вай кхетарехь иштта ду: хьо шех 1еха а волуьйтий, шех воккха а вовйтий, хьуна дагахь доццучу хенахь хьох дуьсу.

«Дахарх кхин мел дукха дийцарх, дош дац, и дерзош, ала…» - бохучух милла а кхетар ву аьлла хета. «Дахар – и делахь дийцар, йоцуш ду т1аьххьара аг1о» - аьлла, т1аьххьара х1ара байт йерзош долчу мог1анех а иштта кхета: дахар – дийцар лерина поэта. Ткъа дийцаран цхьа чаккхе ма хуьлий!.. Амма, дахаран…

Вай лакхахь ма-аллара, иштта к1оргера йу Лечин поэзи. Цуьнан поэзин масех тайпана маь1на долуш хуьлуш а нисло. Цундела олу аьлла а хета цхьана декъана, Лечин поэзи кхета хала йу, олий. Шозлаг1чу декъана аьлча, литературехь хьаьг1наш, гамонаш а хуьлу, муьлххачу а кхечу кхоллараллин хьаьрмашкахь санна. (Нохчийн литературехь нийса критика («Здоровая критика») боху х1ума… нийса аьлча, произвденийн нийса мах хадош критикаш а (объективные критики) оьшура.).

Къаьсттина, тоьлларг вийцаре во массанхьа а, и везаш а, и ца везаш…

Шен байтех ца кхета бохучарна жоп луш, иштта боху Л. Абдулаевс:

*Сан йоза чолхе ду кхета*
*Бохуш, хьо ма цец а ваьлла.*
*Ваханчо дуьйцуш со кхеттарг*
*Вог1учо кхетор ду аьлла,*
*Цхьа ши дош аьлла ас, аьллехь.*

*Ахь таккхал дитахьа шена:*
*Йа когаш к1ел а ца 1ена,*
*Не1аре, коре ца оьху,*
*Даа йа мала ца доьху.*
*Дуьйцучул ду и ладоьг1на.*

*Д1а1аддитахьа шена:*
*Кхаза ца г1ерта хьан пенах,*
*Хила ца г1ерта хьан кхало,*
*Диса ца г1ерта хьан пхьоьрахь.*
*Тахначул ду иза кхана…*

Нийсачу критикина («Здоровая критика») Лечас иштта жоп лур дара аьлла ца хета суна. Лечас буьйцурш и хьаг1гамонаш йолу нах бу аьлла хета кху байтехь. Царна иштта жоп дан а дог1у.

Х1ара статья йазйеш, цуьнан дуккха байташ теллина ас. Суна билгалдаьлларг ду, х1инцца лакхахь вай йалийначу байташкахь шуна ма-гарра, цуьнан дукккачу кхечу байташкахь а ритмика йоцуш а, рифмика йоцуш а йолу байташ хилар. Уьш йерриг билгалйаха вовлча, х1ара статья дукха йахлур йу. Вай кху т1ехь билгалйаьхнарш вай дуьйцург т1еч1аг1дан кхачаме йу аьлла хета. Вай Лечин байташ нийса йац, дика йац ала г1ерташ дац. Цо хьаржинарг иштта байтан х1оттам (стихосложени) бу – «к1айн байташ», верлибр.

Ала хьийзича а, Лечин кхоллараллина ала х1ума дац. Иза Лечин кхоллараллин беша т1улгаш кхисса г1ертар дац, цуьнан поэзина т1улгаш кхисса йа атта а хир дац. Иза дукха лекхахь ву поэзин хьаьрмахь. Лекхачу т1улг, г1орз, гел кхосса хала хуьлу…

Лечин байташ дукха хаза ритм а, рифма а нисйина, йазйинчу дукккачу «поэтийн» байтел а мосуьйттаза толлуш йу. Х1унда аьлча, шен байташ чохь поэзи йолуш, дагаккхета а, дагна т1е1аткъам бан а, масал эца а дукхха х1ума долуш, йуьззина байташ йу… Лечин байташа ойлане вуьгу. Вай йуххйуха а ма-хьехадарра, философи йу цуо оцу шен мог1анех йуьйцина. Цундела элира ас лакхахь «Сайга хаьттича, философин меттиг д1алур йара ас Лечина уггар а хьалха…).

(Философ аьлла, ц1е луш хилча, философин 1илма схьа а лаьцна и дешар дешна хила веза. Юридически иштта хилча нийса а ду иза. Амма, и фолософски дешар а дешна, и говзалла йацахь а цуьнгахь, Лечин кхоллараллехь к1оргггера философи хилар б1аьрла гуш ду. Философи 1илманан хьукматашкахь цхьана дийнахь а дешна, 1амийна а боцуш, баккхий философаш бу. Масала: Конфуций, Сократ, Диоген, кхин а масане бу уьш. Амма, царалахь шайн хьехархой а болуш, царна т1е а оьхуш, цаьргара 1илма схьаэцна философаш а, иштта кхиболу 1илманчаш а бу. Т1аккха йуха а дешар бохучунна т1е а-м дера дог1у иза, х1окху дуьнен чохь массо философ шен хьехархо волуш а йа дешаран хьукматаш йаьхна волуш ца хиллехь а...) Вуьшта аьлча, иштта, шен цхьа суй болуш ойланча ву Леча а… Цо шех философ алар т1е-м ца дуьту, и цунах иштта аьлча, х1умма харц хир дац аьлла хетахь а.

Леча йаздархо хилар ларамаза дац. Абдулаев Зиявди бохуш, цуьнан тайпана стаг а ву вевзаш йаздархо. Тахана а шайн дайн некъ схьаэцна, и схьабоьхуш бу Лечин доьзал а. Йаздеш ву Лечин ши к1ант – Моьхмад а, Адам а. Моьхмад литературица а, журналистикица а уьйр йолуш ву, ткъа Адам – йеккъа журналистикица. Доьзалехь верриге а виъ доьзахо хилла Лечин: кхо к1ант, цхьа йо1. Йуккъера к1ант– Муслим 2009-чу шарахь дуьйна воцуш ву (Дала гечдойла цунна)

Схьагарехь а, вийцарехь а Абдулаев Леча адамашца ийна, адамаш шена т1ег1ерташ стаг ву. Иза иштта хилар т1еч1аг1деш йаздархочо Абубакарова Пет1амата иштта хьахадо Лечас ша литературин новкъа йолуш цу некъа т1ехь ир-кара х1оттор: «Ахь йазйе ахь, хьоьгахь цу белхан суй бу хьуна, цуо алар бахьана долуш, сан литературе йолу шовкъ ч1аг1йелира». Цу хенахь литературин некъахь шен дог-ойла айарна баркалла а олу цунна. Пет1аматан зорбане йаьллачу книги т1ехь Лечина баркалла олуш йазйина иштта байт а йу:

**Поэте**

*Цкъа мацах ахь йина лувца*
*Аларца: «Хьох поэт хир йу!»*
*Д1акъаста ца туьгуш лела,*
*Йух-йуха иллешка йуьйлуш…*

*Иза хир эшарна догах*
*Йиначу ненан мотт суна.*
*Ва, Леча, баркалла хьуна!*
*И безар марздарна суна!*

**БАНЖАЕВ Аьрзу**

# ДӀакхайкхайо конкурс!

Карара, 2023-гӀа шо – нохчийн меттан Шо хилар тидаме эцна, Шела кӀоштан «Зама» газетан редакцис оцу хиламна лерина дешархошна йукъахь (7-гӀий – 11-гӀий классаш) дӀакхайкхайо конкурс «Биеза, хаа, ненанмотт».

Оцу къовсамехь лерринчу жюрис билгалйоккхур йу нохчийн маттах лаьцна йолу тоьлла кхоъ байт йа доцца йаздина дийцар.

Толамхошна иштта совгӀаташ дийр ду:

I-ра меттиг – 5 (пхиъ) эзар сом;
II-гӀа меттиг – 3 (кхоъ) эзар сом;
III-гӀа меттиг – 2 (шиъ) эзар сом.

Шайн куьйгайозанаш схьада (йа схьатаса) 23-гӀа бекарг (апрель) тӀекхочуш кху адресца: 366300, ШелагӀала, Орджоникидзе урам, 4 («Зама» газетан редакци – «Бизнес-центр» чохь) йа х1окху электронни почти т1е дахкийта: movsar40@mail.ru .

Вовшахтохараллин комитет.


«Зама»
Коьрта редактор
А. Х. Муцураев

Газета освещает события, происходящие в Шалинском муниципальном районе

Учредитель: МУ "Администрция Шалинского муниципального района»
Адрес учредителя: 366300, г. Шали, ул. Сугаип-муллы Гайсумова, №4

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике от 06 мая 2013г.
ПИ № ТУ 20-00078

Адрес редакции: 366300 г. Шали, ул. Орджоникидзе, д. №4 («Бизнес-центр»)

Подписано в печать 10.03.2023 г. в 09 ч. 00 м.
По графику – 10.03. в 10.00
Тираж 1000 экз.
Заказ №

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции газеты «Зама»
Отпечатана в АО Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий».
Адрес издательства/типографии: 364021, ЧР, г. Грозный, ул. Интернациональная, 12/35